



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ KI POTE TRANSFÒMASYON POU
ENDICOTT NAN KAD INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL 10 MILYON
DOLA A**

*Uit pwojè Revitalizasyon Anba Lavil ap amelyore posiblite pou mache, ak
konektivite; Amelyore opòtinite lojman ak travay; epi ogmante sèvis kominotè ak
enstalasyon kiltirèl*

Reprezantasyon grafik pwojè yo disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse uit pwojè ki pote transfòmasyon nan Vilaj Endicott nan kad Prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) 10 milyon dola a. Prim yo ap atire biznis, kreye djòb epi ogmante mendèv pou devlope ekonomi inovasyon lokal la.

"Administrasyon mwen an angaje pou revitalize anba lavil New York yo epi asire biznis yo gen resous ki nesèsè pou pwospere nan kominote lokal yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa yo ap ranfòse ekonomi lokal Endicott pandan y ap ogmante sèvis kominotè ak enstalasyon kiltirèl k ap reyini kominote a ansanm epi favorize devlopman ekonomik pou jenerasyon k ap vini yo."

Vilaj Endicott ap eksperimente yon afliyans biznis fabrikasyon avanse, ki te mennen anpil moun ak djòb avèk li ki ka kontribye nan dinamis anba lavil la. Zòn DRI a pote ansanm kat zòn anba lavil diferan—Anba lavil Core; Huron Campus; Little Italy; ak Western gateway. Envestisman DRI a nan Endicott ap ranfòse koneksyon ant anba lavil Core ak katye vwazen yo epi tabli yon sans kote ki solid pou asire ke zòn sa yo fonksyone antanke yon kominote anba lavil ki entegre.

Envestisman DRI yo fè pati efò Gouvènè a k ap kontinye pou revitalize ekonomi rejyon nò eta a epi kreye plis opòtinite nan Southern Tier la. Se Depatman Eta k ap dirije DRI ki bay asistans teknik pandan chak kominote k ap patisipe yo ap devlope yon Plan Envestisman Estratejik ki idantifye pwojè espesifik avèk yon vizyon inik pou revitalizasyon zòn anba lavil la.

Pwojè presi k ap finanse atravè DRI yo sipòte plizyè objektif ak estrateji ki genyen nan Plan Envestisman Estratejik kominote a, tankou - amelyorasyon peyizaj lari pou mach

ak koneksyon; amelyore opòtinite biznis ak lojman lè nou redevlope pwopriyete ki egziste ak espas ki vid yo; epi ogmante sèvis kominotè ak enstalasyon kiltirèl yo. Investisman 9.7 milyon dola Eta a nan pwojè sa yo atravè DRI a ap ogmante investisman piblik ak prive sipleman tè yo pandan pwosesis revitalizasyon an ap kontinye epi pran anplè.

Pwojè yo gen ladan:

Amelyore Posibilite pou Mache ak Koneksyon Lari

Amelyore Koneksyon Anba Lavil la - Prim DRI: 3,156,000 dola

Mizanplas yon inisyativ plizyè volè pou relye zòn Anba Lavil yo pi byen atravè mezi tankou amelyorasyon twotwa ak peyizaj ri yo, siyalizasyon, emenajman peyizaje ak ekleraj.

Ranfòse opòtinite lojman ak travay nan redevlope pwopriyete ki egziste ak espas vid yo

Reyamenaje yon sit 7 ekta - Prim DRI: 3,120,000 dola

Revitalize yon sit ki vid depi lontan antanke yon depo sant distribisyon, k ap pote djòb nan Endicott epi transfòme western gateway an Vilaj Anba Lavil prensipal.

Renove 32-36 Washington Avenue pou itilizasyon miks - Prim DRI: 910,000 dola

Mete anplas renovasyon andedan ak modènizasyon fasad nan yon gwo bilding pou itilizasyon miks pou kreye de etaj apatman anplè, ranfòse lokasyon ki egziste yo epi pote nouvo itilizasyon ki enkli yon restoran.

Mete anplas yon Fon Revitalizasyon Anba Lavil - Prim DRI 600,000 dola

Kreye yon fon pou ede ti biznis ak pwopriyete byen yo nan Zòn DRI a fè amelyorasyon kapital. Aktivite ki kalifye yo genyen ladan l, amelyorasyon fasad, modènizasyon andedan, kreyasyon ak ekspansyon ti biznis ak eleman pou imèb ekolojik.

Konstui yon Devlopman Lojman pou Mendèv - Prim DRI: 402,000 dola

Konstui yon nouvo devlopman pou itilizasyon miks ak lojman pou mendèv ak premye etaj la pou komès detay sou yon lo paking nan yon kote kle sou Washington Avenue.

Modènize fasad 54 Washington Avenue - Prim DRI: 100,000 dola

Modènize epi amelyore fasad la pou sipòte yon pwojè renovasyon andedan k ap kontinye, konsève biznis ki nan premye etaj la epi modènize espas yo pou biwo aletaj ak itilizasyon rezidansyèl.

Ogmante sèvis kominotè ak enstalasyon kiltirèl yo

Transfòme Sant Kominotè Southern Tier la - Prim DRI: 1,141,000 dola

Mete anplas yon seri modènizasyon pou ede Sant lan sèvi kominote Endicott la pi byen atravè espas andedan ki amelyore, bès depans enèji yo ak yon enpak kabòn ki pi piti ak amelyorasyon kapital k ap kenbe imèb la an sekirite epi dinamik pou ane k ap vini yo.

Kreye yon nouvo Etablisman pou Degistasyon Diven nan New York - Prim DRI: 271,000 dola

Tabli yon nouvo biznis degistasyon diven nan yon imèb ki fèk konstui nan Little Italy, k ap pote vitalite nan katye a.

Sekretè Deta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Vilaj Endicott te atenn yon pwen enpòtan ak nouvo biznis fabrikasyon avanse ki pote plis djòb ak moun nan kominote a, epi atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, New York ap ede transfòme anba lavil Endicott an yon katye modèn ki adapte pou djòb ak travayè 21yèm syèk yo abite, travay epi vizite. Prim 10 milyon dola sa ap redevlope sit ki vid epi modènize etablisman ak nouvo biznis, lojman ak espas rankont piblik ki ansyen, k ap mennen anba lavil Endicott la nan lavni epi kontinye ranfòse sektè fabrikasyon avanse li a. Felisitasyon pou Vilaj Endicott ak tout rezidan li yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Uit pwojè DRI sa yo ap ranfòse sant vil Endicott la epi konekte katye anba lavil diferan yo pou ansanm, yo kreye yon sans plas ki ini. Pandan biznis fabrikasyon avanse a ap anime ekonomi lokal la, reimajinasyon estratejik peyizaj ri ak bilding vil la ap devlope vil la pi plis toujou antanke yon destinasyon prensipal."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, New York ap enjekte resous ki apiye estrateji devlopman ekonomik san rete pou favorize kwasans kontini vil, komin, ak vilaj yo. Endicott ap benefisye anpil de uit prim sa yo ki konsantre sou amelyorasyon posiblite pou mache vilaj la, ogmante opòtinite lojman pou akomode yon mendèv k ap grandi rapidman, epi ogmante aksè nan sèvis kominotè."

Senatè Eta a, Fred Akshar, te deklare, "Kominote Endicott la ke yo te rele yon fwa Vale Opòtinite a, sou pwen pou resisite. Finansman revitalizasyon sa yo ap ede respire nouvo lavi ak opòtinite nan Endicott pou moun kominote sa."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Avèk fon yo bay nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil ane pase a, Endicott te mete ansanm yon plan 8 pwojè enpresyonan pou respire nouvo lavi nan anba lavil la ak katye ki antoure yo. Moman an pafè pou investisman sa yo pandan Vilaj la te atenn yon tounan enpòtan. Sa ekstraòdinè pou wè vizyon Endicott la pou anba lavil la finalman pran vi apre plizyè ane efò pa anpil patnè ki devwe. "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a yon lòt fwa ankò pou angajman li pou revitalize ekonomi rejyon nò Eta a.

Chèf Egzekitif Konte Broome Jason Garnar te deklare, "Se yon moman pasyonan nan Endicott pandan inovasyon ak fabrikasyon avanse ap retounen fè pati Konte Broome. Prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap ede apiye pwogrès sa nan respire

nouvo lavi nan pwopriyete sou tout Washington Avenue ak zòn ki antroure a. Nouvo lojman, espas pou devlopman mendèv, komès detay, ak lwazi, tout ap jwe yon wòl enpòtan nan redevlopman Endicott k ap kontinye. Mèsi Gouvènè Hochul ansanm ak lidè lokal yo dèske nou kontinye kwè nan Konte Broome!"

Majistra Vilaj Endicott, Linda Jackson, te deklare, "Nou t ap travay depi lontan pou rajeni Vilaj la atravè redevlopman, renovasyon ak revitalizasyon. Pwojè ki enkli nan prim sa ap sipòte opbjektif nou pou kreye djòb, sipòte devlopman lojman, epi rann vilaj nou an vin pi akeyan ak nouvo vitrin magazen, ekleraj ak peyizaj ri yo. Sibvansyon DRI sa ap yon gwo 'kout pous' pou avni nou! Mèsi anpil de nou tout isit la nan Vilaj Endicott!"

Sipèvizè Vil Town of Union, Richard Materese, te deklare, "Prim sa ap ede Village Endicott emèje soti nan sann eritaj fyè IBM yon epòk la. Se lespwa nou ke nouvo biznis ap devlope nan Endicott, atire plis anplwaye ak vizitè, deklanche yon viraj ekonomik ki t ap benefisye Vil Union lan tou."

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

DRI Eta New York, yon poto mitan pwogram devlopman ekonomik, transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak divèsite ekonomik ak lojman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-anwit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize opbjektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive. Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)